

DEKRÈ EGZEKITIF

Kontinye Deklarasyon Ijans pou Katastwòf nan tout Eta a akòz mank nan pèsònèl pou swen sante nan Eta New York

LÈNOUKONSIDERE, gen mank pèsònèl nan lopital ak lòt sant swen sante epi yo prewva sa ta dwe kontinye;

LÈNOUKONSIDERE, gwomank pèsònèl nan lopital yo ak lòt sant swen sante yo ta dwe afekte kapasite pou kontinye bay swen enpòtan ak pou byen sèvi popilasyon vilnerab yo;

LÈNOUKONSIDERE, gen yon nesosite imedya ak enpòtan pou konplete kantite pèsònèl la pou asire sant swen sante yo kapab bay swen;

KOUNYA, ANKONSEKANS, mwen memm, Kathy Hochul, Gouvènè Eta New York la, konfòman ak otorite Konstitisyon Eta New York la ak Lwa Eta New York yo te konfyemwen, avèk dokiman sa a, pwolonje eta dijans pou tèt katastwòf jan sa deklare nan Dekrè Egzekitif Nimewo 4 la, jan lòt apre yo te kontinye li ak Dekrè Egzekitif 4.11 la, epi kontinye kenbe anvigè tèm, kondisyon, ak sispansyon yo ki ladan jiska 27 septanm 2022; sou kondisyon sepandan, modifikasyon an apre yo ap antre anvigè:

- Sispansyon yo ki te fèt nan Seksyon 4903 Lwa sou Asirans lan ak Seksyon 4903 Lwa sou Sante Piblik la atravè Dekrè Egzekitif Nimewo 4 la fini nan dokiman sa; epi
- Kontaj delè legal ki egzije pou soumisyon yon kontestasyon entèn ak kontestasyon ekstèn yon lopital defini nan sou-seksyon c nan Seksyon 4904 Lwa sou Asirans lan, paragraf 1 sou-seksyon b nan Seksyon 4914 Lwa sou Asirans lan, sou-divizyon 3 nan Seksyon 4904 Lwa sou Sante Piblik la ak paragraf a nan sou-divizyon 2 Seksyon 4914 Lwa sou Sante Piblik la, fini avèk dokiman sa a, epi nenpòt kontestasyon konsa ki annantant oswa an pwogrè nan moman dispozisyon kontaj Dekrè Egzekitif Nimewo 4 la te antre anvigè dwe gen delè legal li yo ki redefini.

FÈT anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil
Albany nan vennwityèm jou mwa out nan
ane demil vennde.

SOULÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a